



FÒM APLIKASYON 3508S POU SOULAJMAN PRÈ PPP ENSTRIKSYON POU PRÈTÈ YO

Ou (Prètè) ka aplike pou padon prè Pwogram Pwoteksyon Salè ou (PPP) avèk Fòm SBA 3508S sa a sèlman si kantite lajan total prè PPP ou te resevwa nan men kredite ou te \$50,000 oswa mwens. Sepandan, yon moun ki prete lajan ki, ansanm ak afilye li yo (gade [85 FR 20817](#) (15 avril 2020) konsènan aplikasyon règleman afilyasyon SBA a ak egzansyon òganizasyon relijye sof si l pa ta sa nan règ afilyasyon SBA yo), te resevwa prè PPP ki totalize \$2 milyon oswa plis pa ka itilize fòm sa a. Si ou pa kalifye pou itilize fòm sa a, ou dwe aplike pou padon prè PPP ou an avèk fòm SBA 3508 oswa 3508EZ (oswa fòm ekivalan kredite a).

Fòm SBA 3508S mande mwens kalkil ak mwens dokiman pou moun ki ap prete ki kalifye yo. Moun ki prete ki itilize Fòm SBA 3508S yo egzante de rediksyon nan kantite lajan padon prè ki baze sou rediksyon nan anplwaye a plen tan ekivalan (FTE) oswa nan salè. Fòm SBA 3508S tou pa mande pou moun ki prete yo montre kalkil yo itilize pou detèmine kantite lajan padon prè yo. Sepandan, SBA ka mande enfòmasyon ak dokiman pou revize kalkil sa yo kòm nan kad pwosesis analiz prè li a.

Ranpli Fòm SBA 3508S sa a an akò avèk enstriksyon ki anba yo, epi **soumèt li bay kredite ou** (oswa kredite a ki ap asire sèvis prè ou). Moun ki ap prete kapab ranpli aplikasyon sa tou sou entènèt atravè Kredite yo.

Enstriksyon pou Fòm 3508S Aplikasyon pou Soulajman Prè PPP

Non Legal Pwofesyonèl (“Prètè”)/DBA oswa Mak Fabrik (Si aplikab)/TIN (EIN, SSN) pwofesyonèl: Mete menm enfòmasyon yo jan ou fè sou Fòm Aplikasyon Prètè ou (Fòm SBA 2483 oswa ekivalan kredite a).

Adrès pwofesyonèl/telefòn biznis/Premye kontak/Adrès Imèl: Rantre menm enfòmasyon yo jan ou fè sa sou Fòm Aplikasyon Prètè a, sofsi gen yon chanjman nan adrès oswa enfòmasyon pou kontakte li.

Nimewo Prè SPA PPP: Rantre nimewo prè SBA bawou a nan moman prè a aksepte a. Mande Kredite a nimewo a si nesèsè.

Nimewo Prè PPP Kredite a: Rantre nimewo prè PPP Kredite a ba ou a.

Kantite Lajan Prè PPP a: Antre manman lajan prè PPP ki dekese a (kantite total prè ou te resevwa nan men Kredite a).

Anplwaye nan Moman Demann pou Prè a: Rantre kantite total anplwaye nan moman Prètè a te fè Demann Prè PPP a.

Anplwaye nan Moman Demann pou Soulajman: Rantre kantite total anplwaye nan moman Prètè a ap fè Demann pou retire pati nan prè a.

Dat Prè PPP a Bay: Rantre dat ou te resevwa kantite lajan prè PPP a nan men Kredite a. Si ou te resevwa lajan prè a plizyè fwa, antre premye dat ou te resevwa lajan prè PPP a.

Kantite Lajan Avans EIDL la: Si Prètè a te resevwa yon avans sou Prè Katastwòf pou Dega Ekonomik (EIDL nan lang angle), antre montan lajan an.

Nimewo Aplikasyon EIDL la: Si Prètè a te aplike pou yon EIDL, antre Nimewo Aplikasyon EIDL Prètè a.

Kantite Lajan Soulajman: Mete kantite lajan total nan pewòl ou ak depans pewòl ki kalifye pou padon. Kantite lajan ou antre a pa ka depase kantite lajan prensipal la nan prè PPP a. Sèvi ak enstriksyon sa yo pou detèmine kantite padon ou.

1. **Depans pewòl elijib.** Prètè an jeneral kalifye pou soulajman pou depans pewòl yo peye ak depans pewòl ki te fèt pandan Peryòd Kouvri 24 semèn (168 jou) oswa Peryòd Kouvri 8 semèn (56 jou) a (oswa Peryòd Kouvri Pewòl Altènatif (“depans pewòl”).

Peryòd ki Kouvri: Peryòd ki Kouvri a se swa: (1) peryòd 24-semèn (168-jou) kòmmanse nan Dat PPP a te peye a, oswa (2) si Prètè a resevwa prè PPP li a anvan 5 jen 2020, Prètè a kapab chwazi yo sèvi ak yon Peryòd uit semèn (56 jou) ki kouvri. Pa egzansp, si Prètè a itilize Peryòd Kouvri 24 semèn epi te resevwa lajan prè PPP li a nan dat lendi 20 avril, premye jou Peryòd ki Kouvri a se lendi 20 avril, epi dènye jou Peryòd ki kouvri a se dimanch 4 oktòb. Nan okenn ka Peryòd ki kouvri a pa ka pwolonje pi lwen pase 31 desanm 2020.

Peryòd Kouvri pou Pewòl Altènatif: Pou fasilite administrasyon, Prètè ki gen yon kalandriye pewòl chak de semèn (oswa plis fwa) ka chwazi pou l kalkile depans pewòl elijib ak peryòd 24 semèn (168 jou) an oswa pou prè ki resevwa avan 5 jen 2020 jan Prètè a te chwazi a, peryòd uit semèn lan (56 jou) ki kòmmanse premye jou peryòd premye vèsman apre Dat Dekesman Prè PPP yo an. Pa egzansp, si Prètè a ap sèvi avèk yon Pewòl Altènatif Peryòd ki kouvri 24 semèn epi te resevwa montan PPP prè li yo nan dat lendi 20 avril ak premye jou nan premye peryòd yo peye apre dekesman prè PPP li a se Dimanch, 26 avril, premye jou Peryòd Pewòl Altènatif ki Kouvri a se 26 avril ak dènye jou Pewòl Altènatif ki Kouvri a se



Pwogram Pwoteksyon Salè Fòm Aplikasyon 3508S pou Soulajman Prè PPP

Samdi 10 oktòb. Moun ki prete ki chwazi pou li itilize Peryòd Kouvri Pewòl Altènatif la dwe aplike Peryòd Kouvri Pewòl Altènatif la tout kote genyen yon referans nan aplikasyon sa pou “Peryòd Kouvri a oswa Peryòd Kouvri Pewòl Altènatif la.” Sepandan, Pretè yo dwe aplike Peryòd Kouvri a (pa Peryòd Kouvri Pewòl Altènatif la) tout kote gen yon referans nan aplikasyon sa pou “Peryòd Kouvri a” sèlman. Nan okenn ka Peryòd Kouvri Pewòl Altènatif la pa ka pwolonje pi lwen pase 31 desanm 2020.

Pou kalkile depans pewòl elijib ki fèt oswa ki peye pandan Peryòd ki Kouvri a oswa Peryòd Altènatif Peye ki Kouvri a, fè total Konpansasyon Lajan Kach, Prestasyon Anplwaye, ak Konpansasyon Pwopriyete, jan sa a:

Konpansasyon Kach: Antre total adisyon salè anvan taks, salè chak innèdtan anvan taks, tep anvan taks, komisyon anvan taks, konje peye (vakans, konje familyal, medikal oswa maladi, san konje Lwa sou Premye Repons pou Kowonaviris nan Fanmi kouvri a), ak alokasyon pou demisyon oswa separasyon ki peye oswa fèt pandan Peryòd Kouvri a oswa Peryòd Kouvri Pewòl Altènatif la. Pou chak anplwaye endividyèl, kantite total konpansasyon lajan kach elijib pou soulajman pa dwe depase yon salè \$100.000 pou yon lane, jan yo kalkile oprorata pou Peryòd Kouvri a. Pou yon Peryòd Kouvri 8 semèn, total la se \$15,385. Pou yon Peryòd Kouvri 24 semèn, total la se \$46,154 pou rezon 3508S sa a. Ou ka mete sèlman konpansasyon anplwaye Pretè a te bay travay nan yon moman kèlkonk pandan Peryòd Kouvri a oswa Peryòd Kouvri Pewòl Altènatif la kote prensipal adrès rezidans li se nan peyi Etazini.

Prestasyon Anplwaye: Kantite lajan total Pretè a peye pou:

1. Kontribisyon anplwaye yo pou asirans sante anplwaye, tankou kontribisyon travay pou yon plan sante gwoup ki asire tèt li, ki gen sponso travay la, men ki pa gen ladan ankenn kontribisyon anvan taks ni apre taks anplwaye peye. Pa ajoute kontribisyon asirans sante travay la te fè sou non yon moun endepandan, patnè jeneral, oswa pwopriyete-anplwaye nan yon S-sosyete, paske peman sa yo deja enkli nan konpansasyon yo.
2. Kontribisyon anplwaye yo pou plan retrèt anplwaye, e ki pa gen ladann kontribisyon anvan taks ni apre taks anplwaye peye. Pa ajoute kontribisyon pou pran retrèt anplwaye yo te fè sou non yon moun kap travay ak tèt li oswa patnè jeneral, paske peman sa yo deja enkli nan konpansasyon yo, epi kontribisyon sou non pwopriyete-anplwaye yo gen limit nan valè 2.5 mwa nan kantite lajan kontribisyon lane 2019 lan.
3. Taks onivo eta ak lokal anplwaye a Anprentè a peye epi yo evalye sou konpansasyon anplwaye a (paregzanp, taks asirans chomaj); pa gen ladann okenn taks yo retni sou salè anplwaye a.

Konpansasyon Pwopriyete a: Ajoute nenpòt kantite lajan ou peye pwopriyete (pwopriyete-anplwaye, yon moun kap travay ak tèt li oswa asosye jeneral). Pou yon peryòd ki kouvri 24 semèn, kantite lajan sa a limite a \$20,833 (ekivalan 2.5 mwa nan \$100,000 pou chak ane) pou chak moun oswa ekivalan 2.5-mwa nan konpansasyon ki aplikab yo nan lane 2019, kèlkeswa sa ki pi ba a. Pou yon peryòd ki kouvri 8 semèn, kantite lajan sa a limite nan 8/52 nan konpansasyon 2019 (jiska \$15,385).

Yo konsidere depans pewòl yo peye nan jou salè distribye oswa jou Pretè a fè yon premye tranzaksyon kredi ACH. Yo konsidere depans pewòl fèt jou anplwaye a travay pou salè li. Depans pewòl ki fèt men yo pa peye pandan dènye peryòd salè Pretè a nan Peryòd Kouvri a (oswa Peryòd Kouvri Pewòl Altènatif) elijib pou soulajman si yo peye nan dat oswa anvan dat pwochen dat pewòl nòmal la. Sinon, depans pewòl fèt pou peye pandan Peryòd Kouvri a (oswa Peryòd Kouvri Pewòl Altènatif). Pou chak anplwaye endividyèl, kantite total konpansasyon lajan kach elijib pou soulajman pa dwe depase yon salè \$100.000 pou yon lane, jan yo kalkile oprorata pou Peryòd Kouvri a. Konte depans pewòl yo te peye epi yo te fè yon sèl fwa. Pou enfòmasyon sou kisa ki kalifye kòm depans pewòl, gade Règleman final Enterimè sou Pwogram Pwoteksyon Salè ki afiche nan dat 2 avril 2020 ([85 FR 20811](#)) jan li amande nan Revizyon yo fè nan Premye Règleman Final Enterimè a, ki afiche nan dat 11 jen 2020 ([85 FR 36308](#)). Ajoute sèlman pewòl depans pou anplwaye ki gen rezidans prensipal li nan peyi Etazini.

2. **Depans ki pa pewòl elijib.** Depans ki pa pewòl elijib pou soulajman se:
 - (a) obligasyon ipotèk kouvri: peye enterè (pa gen ladann okenn peman anvan oswa peman manman lajan) sou nenpòt obligasyon ipotèk biznis sou kay oswa byen pèsone ki fèt anvan 15 fevriye 2020 (“peman interè sou ipotèk biznis”);
 - (b) obligasyon lwaye kouvri: peman lwaye oswa afèmaj biznis dapre kontra lwaye pou kay oswa byen pèsone nan anvan 15 fevriye 2020 (peman lwaye oswa afèmaj biznis”); ak
 - (c) peman sèvis piblik ki kouvri: peman biznis pou yon sèvis pou distribisyon elektrisite, gaz, dlo, telefòn, transpò, oswa aksè entènèt pou ki sèvis te kòmanse anvan 15 fevriye 2020 (“peman sèvis piblik pou biznis”).

Yon depans pa pewòl elijib dwe peye pandan Peryòd Kouvri a oswa te fèt pandan Peryòd Kouvri a epi peye nan dat oswa anvan pwochen dat bòdwo nòmal la, menm si dat bòdwo a se apre Peryòd Kouvri a. Depans ki pa pewòl e ki elijib pa ka depase 40% montan soulajman total la. Konte depans ki pa pewòl ki te alafwa peye epi te fèt yon sèl fwa.



**Pwogram Pwoteksyon Salè
Fòm Aplikasyon 3508S pou Soulajman Prè PPP**

Dokiman Chak Pretè Dwe Remèt ansanm ak Fòm 3508S Aplikasyon pou Soulajman Prè PPP li a

Fòm Aplikasyon 3508S pou Soulajman Prè PPP

Pewòl: Dokiman pou verifye konpansasyon kach peman avantaj ki pa kach elijib nan Peryòd Kouvri a oswa Peryòd Kouvri Pewòl Altènatif la ki gen ladann yo papye annapre yo:

- a. Eta kont labank oswa rapò founisè sèvis pewòl tyès moun kap jistifye montan konpansasyon kach yo peye anplwaye.
- b. Fòm taks (oswa rapò founisè sèvis pewòl tyès moun ekivalan) pou peryòd yo ki depase ak Peryòd Kouvri a oswa Peryòd Kouvri Pewòl Altènatif la:
 - i. Deklarasyon taks pewòl oswa ka pral deklare, bay IRS (nòmalmman, Fòm 941) epi
 - ii. Rapòtaj salè anplwaye biznis epi anplwaye endividyèl chak twa mwa ak deklarasyon taks sou asirans chomaj, oswa ki pral deklare, pou eta konsènen an.
- c. Resi vèsman, chèk anile oswa eta kont kap jistifye montan kontribisyon travay la pou asirans sante ak plan retrèt pou anplwaye Pretè a te rantrè nan montan soulajman.

Ki pa pewòl: Dokiman kap verifye egzistans obligasyon/sèvis yo anvan 15 fevriye 2020 ak peman elijib nan Peryòd Kouvri a.

- a. Peman enterè ipotèk biznis lan: Kopi kalandriye amòtisman pretè a ak resi oswa chèk anile kap verifye peman elijib nan Peryòd Kouvri a; oswa eta kont pretè a soti fevriye 2020 ak mwa Peryòd Kouvri yo jiska yon mwa apre fen Peryòd Kouvri a pou verifye montan enterè ak peman elijib yo.
- b. Peman Lwaye oswa afèmaj biznis: Kopi kontra lwaye nan moman ak resi oswa chèk anile kap verifye peman elijib nan Peryòd Kouvri a; oswa eta kont pretè a soti fevriye 2020 ak mwa Peryòd Kouvri yo jiska yon mwa apre fen Peryòd Kouvri a pou verifye montan enterè ak peman elijib yo.
- c. Peman dlo ak elektrisite pou biznis: Kopi fakti soti fevriye 2020 ak sak peye pandan Peryòd Kouvri a ak resi, chèk anile oswa eta kont pou verifye peman elijib sa yo

Dokiman Chak Pretè Dwe Kenbe men ki Pa Obligatwa pou Remèt

Tout dosye konsènan prè PPP Pretè a, tankou dokiman li bay ak aplikasyon prè PPP li a, dokiman pou sipòte sètifikasyon Pretè a pou elijiblite li pou yon prè PPP, dokiman nesèsè pou sipòte aplikasyon pou soulajman prè Pretè a, ak dokiman ki montre konfòmite Pretè a ak egzijans PPP yo. Pretè a dwe kenbe tout dokiman sa yo nan dosye li pandan sis lane apre dat prè a soulaje oswa finn remèt nèt, epi pèmèt reprezantan SBA otorize a, tankou reprezantan Biwo Enspektè Jeneral li a, pou jwenn aksè nan dosye sa yo lè yo mande.